NJÀNG MU NJËKK: LËKKËLOO

NJUUMAB GÉNT JANT BI WARAL MU MËNA AM

CI TËNK

Mbooloo artist yi Njuumab Gént ñoo leen di may Te Jant bi Tax mu Mëna Am, benn film bu ndaw bu leen di won ay foto jant bi te ay artist def ko. Artist yooyu ñungi jóge ci adduna yëpp ci lu tolloog 200 réew ak lu topp. Ci ay waxtaan ak ay actiwite, jangkat yi dinañu mëna génnee li niiroo ak li wutu ci li ñuy gis film bi te dinanu mëna wax ci li nit ni di dund ni nu mu lëkkëloowe.

Li Ni Ci Sééntu :

1. Jangkat yi dañu wara bayyi xel lëkkëloo bi am ci nit ñi ak ni ñu bokke dëkk ci kay suuf.
2. Jàngkat yi dinañu gëstu li naaj bi di tekki ci sunu dund bés bu nekk.
3. Jangkat yi dinañu xalaat ci diggante réew yi te jéema xalaat ci ëllëg gu romb seen gis-gis.
4. Jangkat yi dinañu liggéeyandoo ngir jéema xam lan mooy njëriñu adduna bi yëpp boole doole yi liggéeyandoo.

Tërëlinu Njàng Mi (60 simili):

1. Dalal bi: 5 simili
2. Wone film bi: 5 simili
3. Weccoo xalaat ci ay mbooloo yu ndaw: 15 simili
4. Waxtaanak ki nekk sa wet: 10 simili
5. Aktiwite yi: 20 simili
6. Tëj waxtaan wi: 5 simili

Baat Yu Am Solo:

Li taqale ñaari dëkk, Soppiku kilimaa bi, Tefes/ Booru géej yi, Liggéeyandoo, Bokk Dekk, Eneersi, Lëkkëloo, Meloog suuf si, Dekkalaat, Eneersi biy jóge ci naaj bi, Fi sunuy gët yem buñuy xool géej gi, Kawewaay suuf si di maaseek Asamaan si, Ni suuf si bindoo.

Jumtukaay:

1. Kayit yi ñuy wara defe actiwite yi (ñu tiire leen) **2.** Li ñuy binde (crayons, big, ay markëër walla)

1 UBBITE BI (5 SIMILI)

Dalal jangkat yi

Tay nak dañoo fasyéène caytu li jëm ci wallu naaj bi. Dinanu cambaar nit ku nekk ni mu tëkkoo ak jant bi ci dundam. Dinanu cambaar itam ni adduna bi yëpp duggantee ajowoo ci jant bi.

LAAJ: Buma waxee baatu jant, yan yeneen baat ñooy ñëw seen xel yoo xam ni mën nañu ci sukkandiku ngir wax ci jant bi walla tudd baatu jant ??
TONTU: Biddéém, Kuraŋ, Jant bi ak ni muy doxe, Leeraay, Leeraayu bëccëg, Tangaay, Naaj, Leeraayu naaj bi, ak yeneen.

Tontu yi rafet nanu. Mën nanu ci yokk yeneen baat _____ (yokk si yeenen baat yu ndongo yi fatte). Jant bi biddéém bu rëy la - lu ëpp benn miliyoŋ suuf mën nañu lalu ci biiram - bu nekk ci diggu li lal dox-alinu jant bi. Sunu adduna bi, te juróómi ñetti miliyoŋi doomi aadama di ci dund, dafay wër jant bi.

LAAJ: Ci yan anam lañu mëna jëfandikoo jant bi?
TONTU: Kuraŋ bi bayyikoo ci naaj bi, Dundal gancax gi ak meñet mi, Tangaay, Defarum kuraŋ gi, Kuraŋ, Leeral ngir mëna gis, ak yeneen ak yemen.

Tontu yi baax nañu. Jant bi moo nekk li nu gëna mëna jox kuraŋ boo xamanta ne sosu nu ko, ci kaw anam yi ngeen fi wax yëpp.

2 WONE FILM BI (5 SIMILI)

Balaa nuy tambali sunu waxtaan walla sunuy yëngu-yëngu bës bi,danuy seetaan ab film bunu tudde “Jant bi Waral mu Mëna Am” bi mbooloo artist yi def bu tudd “Njuumab Gént”

JËF: Bunuy seetaanandoo film bi, nanu fexe xalaat ci lii.

1. Lan moo xew ci film bi?
2. Lan moo soppiwul te mel ni mu meloon ak lan moo soppiku?

3 SOTTEENTE XALAAT CI MBOOLOO (15 SIMILI)

Xalaatleen ci film bi nu seetaan sanq ak li ngeen ci gis.

L: Loo leen gis bi ngeen seetaanee film bi?
L: Yan ci li ngeen gis ci film bi ñoo niroo?
L: Fan ngeen xalaat lañu defe film bi?
L: Ci seen gis-gis, kan moo wara def film bi?

Te jant bi Waral mu Am benn film la bu ay artist def te ñu jóge ci lu ëpp 200 réém ci fepp ci adduna bi. Film bu nekk mungi jóge ci artist bu bokkul ak moroomam waaye dañu booloo ngir def ko benn film.

L: Lan lañu seentu ci film bi (manaam, ci gis-gisu picc mi, gis-gisu sax mi, ak ñoom seen)?
L: Lan mooy lu gena am solo ci film bi?
L: Lan moo niroo ci film bi?

"Te Jant bi Tax mu Mëna Am" li taxa jog mooy jant bi. Waaye, film bi yombula tekki. Nanu xool xi-baar bi nga xam ne moom la Njuumab Gént di bëgga jallale jaarale ko ci gis-gisi artist yi ci adduna bi yëpp.

L: Yan ñooy faral di soppeeku ci tambaleek film bi ba mu jeex?
T: Diir yi, Gis-gis yi, Gox yi, Tabax yi, Jëf yi, Coow li, ak yeneen.
L: Yan ci film ngeen gis ne soppeekuwul?
T: Jant bi, Ndox, Suuf, Asamaan, Nit ñi
L: Lan moo waral yooyu noonu soppeekuwuñu?
L: Lan la yooyu mbir di jëfalantee tey lëkkëleente?

4 WAXTAAN AK KI NEKK SA WET (10 SIMILII)

Liiral baat bii joge ci artist yi te waxtaan ci ak ki nekk ci sa wet ci diirub 2 simili te fexeleen tekki lan la artist yi bëgga wax fii.

> *Ak Te Jant bi Tax mu Mëna Am yaakaar nanu mëna wone ne jant bi yemul ci dëkk bii walla dëkk bee te nun ñëpp ci kaw suuf noo bokk naaj bi ak leerayu jant bi.*
> *- Te Jant bi Tax mu Mëna Am*

L: Lan mooy li dogale ñaari rééw?
L: Yan "foronceer noo nu wër ?
L: Naka lanuy xame ne am na foronceer?
T: Foronceer mooy ban rëdd bu takkale ñaari rééw ci wallu suuf ak politik.

Na ñëpp dellusi

L: Lan la artist yi bëgga wax fii: "Jant bi xamul benn foronceer?"
L: Naka la film di nu wone ne "Jant bi xamul benn foronceer?"
Lutax ci seen xalaat artist yi bëggoona wone xalaat bii?
L: Ndax ànd ngeen ak gis-gis yooyu?

5 AKTIWITE: FI NGA DËKK MOOY FI JANT BI NEKK (20 SIMILI)

Ci Aktiwite bii danuy defar ay kër yi nu mëna gis, jant bi, ak adduna bi nu jëfandikoo ci li nu jang ci film bi ak li ndongo yi dund.

Ak foo mëna dëkk, naaj bi ñëppa ko bokk ci adduna bi yëpp. Ci actiwite bii, danuy saytu naka lanuy xoole fi nuy woowe sunu kër ak sunu diggante ak jant bi. Dinanu xalaat itam ay yoon ngir ci naka lanuy gise adduna bi nu bokk ci digganteem ak foronceer yi.

Jéégo **1** Fexeel ba materiel yi pare. Jangkat yi dinañu soxla aktiwite bi ci kayi walla benn kayit bu weex fu ñuy mëne dessine. Jangkat yi dinañu soxla ay bindu-kaay (kariyon, bik, markëër, etc).

Jéégo **2** Laajal jangkat yi ñu fatteliku ci seen giiru dund ñaari bërëb yu ñu woowe seen kër te nga bind leen ci ñaari pacc yu bokkul, pacc benn ak pacc ñaar. Mën nekk fi ñu dëkk léégi nii, fi ñu mësa dëkk, seen kër benn mbokk walla seen kër benn xarit, seen ekool/daara. walla feneen fu ñu xalaat ne foofu bokk na ci ñoom.

Jéégo **3** Waxal jangkat yi ñu dessine ak / walla bind li ñu fatteliku ci jant bi bi ñu nekkee ci gox yooyu. **Mën nga leen laaj itam:** Lan ngeen gisoon? Lan moo leen wëroon? Ci fi ngeen nekkoon, bi ngeen xoolee jant bi loo leen doon gis?

Jéégo **4** Ci ñetteelu pacc mi, te muy bu mujj bi, laajal jangkat yi ñu:

1. Bind te/walla dessine ni ñu gise jant bi ci gis-gisu kër gu "adduna bi yëpp bokk."
2. Jangkat yi mën nañu ko gise nu mu leen neexe. Amul bu baax walla bu baaxul.
3. Ni ñu gise jant boobu, naka lay mel bu ñëpp bokkee liggééyandoo ngir aar sunu adduna bi?

Jéégo **5** Woowal ñaar ba ñetti njangkat yi ñu wax waa kalaas bi ci seen liggéey.

6 CI JEEXAL (5 SIMILI)

Tay xool nanu ay mbir yu bari jëfandikoo film bi nu tudde Te Jant bi Tax mu Mëna Am. Waxtaan nanu ci ay yoon yu nu mëne jëfandikoo kuran bi jóge ci jant bi ci adduna bi yëpp, sunu lëkkëloo ak ni kenn ku nekk soxlaa moroomam, xalaatum foronceer, ak sunny gis-gis ak géntub xalaatu fu nuy woowe "sunu kër."

Laaj yiy tëj waxtaan wi:

L: Ban fan ci film bi walla ban jangat tay moom ngeen gëna jàpp? Lu ko waral?
L: Naka la artist jëfandikoo seen xam-xam ngir genne jafe-jafe yu tar yii?
L: Joxeleen benn jangat bi ngeen jële ci njëriñu jant bi walla li muy def ?
L: Naka la see xam-xam ci lëkkëloo soppeekoo or yokkoo?
L: Ndax am ngeen ay yeneen laaj walla li ngeen ci mëna yokk balaa nuy tëj njang mi tay?

FARAMFACE BAAT YI

Foronceer: Ab rëdd la buy takkali ñaari gox ci walla politik walla suuf, lu ci gëna bari ay réew.

Soppeeku kilimaa bi: Ab soppeeku ci ni kilimaa di deme ci adduna bi walla ci gox bu gëna ndaw, lu ci ëpp soppeeku bi doore ci téémééri at yii jall te ñu jagleel ko yokkutéém saxaar si ci kaw jawu ji te mu jóge ci nit ñi ci seen jëfandikoo petarol ak yu ni mel.

Tefes: Li taqale suuf si ak géej gi, li boor géej gi.

Liggeeyandoo: Bokk liggeeyandoo ak keneen ngir amal dara.

Bokk Dëkk: Nit nu daje bokk dëkk ci genn gox walla am li ñu bokk.

Eneersi: Doole buy joxe leeral, tangaay walla kuraŋ.

Lëkkëloo: Bu fekkee ñi ci nekk ñëpp ñoo bokk te takkante.

Nu suuf si bindoo: Lépp li lalu ci kaw suuf te ñu mën leena gis, te li ci ëpp ñu leen di gise ci seen melowaay.

Dekkalaat: Dundalaat walla Beesalaat walla defaraat, ngir mu gëna baax ci kaw li yakku walla lu ñu ñakk.

Kuran biy jant bi di joxe: Tangaay bi jant bi di génne.

Kawewaay suuf si di maaseek Asamaan si: Ab rëddub suuf walla tabax bu nuy gis mu maaseek asamaan si,

Ni suuf si bindoo: Ni natiir bi ak li artifisiyel boole joxe bu benn bërëb.

FI NGA DËKK MOOY FI JANT BI NEKK (AKTIWITE)

1. Raññeel ñaari bërëb yu nga nga mëna woowe sa kër te def ko ci #1 ak #2 ci suuf.
2. Bindleen walla desineleen seen kër. Loo leen gis? Lu leen wer? Boo leen tolleen fi ngeen dëkk lan ngeen di gis?
3. Leegi bindleen walla desineleen kër ak adduna bu nu beesalaat bi ngeen bëgga gis! Lu ci wara nekk?

#1	#2	Kër gu nu Beesalaat